

21 avril

[Jezi] vini lakay li, e, pwòp moun li yo p at resevwa li. Men, tout sa ki te resevwa li yo epi ki te kwè nan non li yo, li ba yo pouvwa pou yo vin pitit Bondye. Jan 1. 11, 12

Mèt la, sèvitè yo ak pitit la

Kèk parabòl; Matye 21. 33-46

Rezime : Yon mèt jaden te plante yon jaden rezen. Li te bay kèk kiltivatè demwatye epi li pati nan peyi etranje. Lè rekòt la rive, li voye kèk sèvitè, pou li ka pran moso pa li, men kiltivatè yo maltrete yo e yo te menm touye yo. Lè sa a, mèt jaden an voye kèk lòt ankò, yo fè menm bagay la. Finalman, li voye pwòp pitit gason li a, yo te touye li tou. Mèt la oblije kondane kiltivatè sa yo, epi bay lòt moun demwatye nan jaden rezen li a.

Siyifikasyon : Jaden rezen an reprezante pèp Izrayèl, Bondye te chwazi pou sèvi li temwen nan mitan lòt nasyon yo. (Ezayi 5. 7). Kiltivatè yo se moun ki responsab pèp sa a; sèvitè yo se pwofèt yo; epi pitit la, se Kris la, yo te rejte epi krisifye. Apre yo fin rejte Jezi, Bondye te dispèse pèp sa e li te konfye Legliz la temwayaj li (lòt kiltivatè yo).

Aplikasyon : Legliz sa fòm ak tout moun ki te kwè epi resevwa Pitit Bondye a, Jezi Kris. Jodi a, chak moun ka aprann konnen li pandan l ap li Bib la, oswa pandan l ap koute mesaj levanjil la.

Chak moun dwe deside yo parapò a Jezi. Mwen kapab refize L, epi fè menmjan ak sila yo ki te krisifye L la. Men si mwen resevwa L, Li ban mwen lavi pou m kapab mare avèk Li pou letènite. Bondye te mete L pou L kapab baz legliz la. Se atitud chak moun anvè Kris la ki fè diferans ant lèzòm : yon bò, sila yo ki renmen L nan, yon lòtbò, sila yo ki rejte L la. Li se sovè premye yo, men Li va jij lòt yo.

21

avril

[Jésus] vint chez lui, et les siens ne l'ont pas reçu. Mais à tous ceux qui l'ont reçu, il leur a donné le droit d'être enfants de Dieu. Jean 1. 11, 12

Le maître, les serviteurs et le fils

Quelques paraboles; Matthieu 21. 33-46

Résumé : Un propriétaire plante une vigne. Il la loue à des cultivateurs et s'en va à l'étranger. A l'époque de la vendange, il envoie des serviteurs pour recevoir son revenu, mais les cultivateurs les maltraitent ou même les tuent. Alors le propriétaire envoie d'autres qui subissent le même sort. Enfin, il envoie son propre fils, qui lui aussi est mis à mort. Le maître est obligé de condamner ces cultivateurs, et de louer la vigne à d'autres.

Signification : La vigne représente le peuple d'Israël que Dieu avait choisi pour être son témoin parmi les nations (Ésaïe 5. 7). Les cultivateurs sont les responsables de ce peuple ; les serviteurs sont les prophètes ; et le fils, le Christ rejeté et crucifié. Après le rejet de Jésus, ce peuple a été dispersé et Dieu a confié son témoignage à l'Église (les autres cultivateurs).

Application : Cette Église est composée de tous ceux qui ont cru et reçu le Fils de Dieu, Jésus Christ. Aujourd'hui, chacun peut apprendre à le connaître en lisant la Bible, ou en écoutant le message de l'évangile.

Chacun doit se déterminer par rapport à Jésus. Je peux le refuser, et faire comme ceux qui l'ont crucifié. Mais si je le reçois, il me donne la vie pour que je sois uni à lui éternellement. Dieu l'a établi pour être le fondement de l'Église. C'est l'attitude individuelle à l'égard du Christ qui fait la différence entre les hommes : d'un côté ceux qui l'aiment, de l'autre ceux qui le rejettent. Il est le Sauveur des premiers, mais il sera le Juge des autres.